



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 4 me 2013

**VIDEYO AK FOTO: GOUVÈNÈ CUOMO AP FÈ BENEVOLA NAN KAD JOUNEN “I LOVE MY PARK
(MWEN RENMEN PAK MWEN)”**

Atansyon Stasyon TV : Transmisyon Satelit ak Telechajman Videyo Enfòmasyon Pi ba a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te patisipe jodi a nan dezyèm Jounen “I Love My Park,” anyèl la ansanm ak Nouyòkè parèy li nan Franklin D. Roosevelt State Park nan Konte Westchester. Nouyòkè te fè benevola nan 77 pak ak sit istorik eta a toupatou an Eta New York.

Gouvènè a te fè diskou sou benevola nan jounen “I Love My Park” (fen videyo 02:20): “I Love My Park Day, se youn nan aktivite prefere mwen pandan ane a, se Komisyonè a ki te kreye li, li mete ansanm moun ki soti toupatou nan eta pou vin fè benevola pou ede netwaye pak la, men tou li konstwi kominote pak la ak sipò pou pak la epi li ouvri je moun sou pak la. Eta sa genyen rezo pak vreman estraòdinè, espesyalman nan tan tankou kounye a kote ekonomi an yon jan sere, fòk nou sonje sa nou genyen, ak sa nou genyen nan pwòp lakou pa nou, epi sa nou genyen ki aksesib ak ekonomik epitou moun dwe bay rezo pak eta a konsiderasyon. Jodi a se yon bèl opòtinite pou fè li ak jounen “I Love My Park”, epi nou ankouraje tout moun vini, fè volontarya epi rankontre bon mou, epi nou vle remèsye tout sponso ki te rann jounen sa posib, anpil nan yo isit la, AT&T la ak nou, yo se youn nan sponso nou yo. Se yon bèl jounen, se yon sipèb jounen nan sa ki gen pou wè ak tan, bon moun, soti epi fè benevola nan pak ou.”

VIDEYO: Videyo kalite TV wot rezolisyon (h264, mp4) Gouvènè a kap fè benevola epi kap pale sou “I Love My Park Day” ka telechaje sou: <https://www.yousendit.com/download/UVJoZGqY1NPSHhESjIVag>

FOTO: <http://www.flickr.com/photos/governorandrewcuomo/sets/72157633417431236/>

###

W ap jwenn lòt nouèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole